



Konsèy sou Andikap Devlòpmantal

Defans dwa moun. Inovasyon. Enklizyon.

Misyon Konsèy sou Andikap Devlopman (Council on Developmental Disabilities, CDD) se amelyore lavi moun New York ki gen andikap entelektyèl ak nan devlopman (Intellectual and Developmental Disabilities, IDD) ansanm ak fanmi yo atravè pwogram ki ankouraje oto-defans, patisipasyon ak enklizyon nan tout fasèt nan lavi kominote a.

KIYÈS NOU YE:

Se lwa konsènan moun andikape nan devlopman an ki kreye NYS CDD. Lwa sa a mande pou yo kreye yon Konsèy sou Andikap Devlopman (Council on Developmental Disabilities, CDD) pou chak eta ak sou teritwa peyi Etazini. Menm si gouvènman federal la finanse CDD a 100%, li se yon ajans gouvènè a ap dirije nan Eta New York. CDD pa yon komite ki ofri moun yo sèvis dirèkteman. Nou akonpli misyon nou atravè pwogram sibvansyon CDD kreye pwojè pilòt nan tout domèn lavi a. Pwojè nou yo baze sou defans dwa moun, chanjman sistèm, entegrasyon, ak enklizyon nan tout aspè nan lavi yon moun.

SA NOU FÈ:

CDD travay sou pwoblèm moun ki gen andikap entelektyèl ak/oswa andikap devlopman (Intellectual and Developmental Disabilities, IDD) atravè pwojè ki ankouraje otodetèminasyon, entegrasyon ak enklizyon. Travay prensipal CDD a fèt atravè pwojè pilòt yo. Objektif pwojè CDD finanse yo se:

- Ankouraje devlopman kapasite ak efò pou chanje sistèm yo.
- Ranfòse moun yo atravè ansèyman konpetans pou yo defann pwòp tèt yo.
- Pèmèt Politik piblik yo evolye pou ede moun yo pran pi bon kontwòl sou lavi yo.
- Kreye yon anviwònman endepandans, otodetèminasyon, enklizyon ak akseptasyon.

Ale sou pay
YouTube
nou an!



facebook.com/nyscdd



x.com/nyscdd



instagram.com/nyscdd



linkedin.com/company/nyscdd